



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 26/10/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 5 MILYON DOLA POU KONTINYE KONPETISYON
REYISI 43NORTH LA**

*Finansman an Konstwi Sipò pou Ekosistèm Antreprenarya k ap Fleri nan Rejyon
Lwès New York la*

Yo pral Anonse Ganyan Konpetisyon 43North 2016 la yo Demen

Nan 542 Konpetitè ototal, 10 Finalis pral Resevwa Prim

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse 5 milyon dola pou kontinye konpetisyon reyisi 43North pou antrepriz ki fenk ap parèt nan Rejyon Lwès New York yo pou ane 2017 la. 43North atire konpayi ki nan faz kòmansman yo ki soti toupatou nan mond lan pou yo antre an konpetisyon pou yo ka gen opòtinite pou fè ide yo ki gen potansyèl kwasans vin tounen antrepriz finanse – pandan y ap rantabilize resous ak talan ki nan Rejyon Lwès New York yo. Avèk anons Gouvènè a fè jodi a, yon lòt ane finansman pral pote anpil douzèn konpetitè anplis pou dekouvri avantaj ki genyen lè yo konstwi biznis yo nan rejyon Buffalo a. Pandan sis ane ki sot pase yo, Rejyon Lwès New York la te eksperyanse kwasans biznis ki pi solid depi anpil deseni -- epi to chomaj la bese soti 8,1% an septanm 2010 pou vin 5,0% an septanm 2016.

Gouvènè Cuomo te di: “Avèk kwasans rapid ki gen nan Rejyon Lwès New York la, konpetisyon sa a se yon sitiyasyon ganyan-ganyan pou rejyon an ak pou tout antreprenè annèb ki ap chache gid nan men espesyalis ak kominote ki pral ankouraje inovasyon yo. 43North kontinye atire epi ekspoze kèk nan talan antreprenarya ki gen plis espwa siksè atravè tout mond lan, epi nan katriyèm ane a, nou kontan anpil pou nou anfonse elan sa a pi lwen toujou epi kontinye fè ekonomi rejyon an vanse pou pi devan.”

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te di: “Buffalo Billion se te yon opòtinite inik nan lavi rejyon sa a epi jodi a, nou ap rekòlte fwi grenn ki te plante bonè yo. Jodi a, non sèlman 43North atire antreprenè ki soti toupatou nan Eta a pou vin nan Buffalo, li atire tou lespri ki pi entèlijan ki soti toupatou nan mond lan yo. Yo vle vin travay isit la, abite isit la epi jwe isit la. Epi jodi a nou ap telegrafe tout mond lan pou n di Rejyon Lwès New York la redemare epi li pi solid pase ke jamè.”

Gouvènè a te fè anons jodi a pandan faz final Konpetisyon 43North 2016 la. Nan 542 konpetitè ototal ki te gen nan kòmansman konpetisyon an, kenx finalis sa yo pral antre an konpetisyon devan yon panèl jij remakab, ki gen ladan l espesyalis tankou Soraya Darabi, Kofondatris Zady ak Foodspotting, ak Matthew Ryan, Vis Prezidan Egzekitif ak Responsab Anchèf Estrateji Global Starbucks la.

Aprè sa a, premye 10 finalis yo pral prezante ankò pandan Faz Milyon Dola 43North la devan yon lòt panèl jij espesyalis jou jedi 27 oktòb la pou yo ka antre an konpetisyon pou premye pri kach 1 milyon dola, dezyèm pri 600 000 dola oswa youn nan sis pri 500 000 dola 43North la yo. Yo pral anonse ganyan prim sa yo pandan Selebrasyon Prim Final 43North la (43North Finals Awards Celebration), ki gen pou animatè Luke Russert, nan sant Shea's Performing Arts Center a nan Buffalo. Ganyan yo ap resevwa tou espas gratis nan enkibatè 43North sou kanpis Medikal Buffalo Niagara (Buffalo Niagara Medical Campus) pou yon ane, gid nan men konseye nan domèn ki gen rapò ak domèn pa yo, chans pou yo aplike pou jiska 400 000 dola nan finansman adisyonèl, ak aksè a lòt pwogram rekonpans pou biznis yo.

Depi Gouvènè Cuomo te anonse lansman konpetisyon 43North la an 2014 ansanm ak pwogram reyisi Buffalo Billion an, konpetisyon an te ede ekonomi Rejyon Lwès New York la kreye anplwa jounen jodi a pandan y ap simen plante lòt grenn pou devlopman ekonomik alontèm yo. Nan de ane ki sot pase yo, 21 konpayi te patisipe nan konpetisyon an, epi yo te kolekte 15 milyon dola finansman ototal nan 22 mwa yo genyen depi yo te aktif nan pwogram nan. Nan 21 konpayi sa yo, 16 kontinye ap fonksyone nan Buffalo. Pami yo gen konpayi tankou Energy Intelligence (Entèlijans Enèji), yo te fè repòtaj sou li antanke youn nan vedèt magazin Forbes 30 Under 30 a yo, paske yo te devlope teknoloji ki kreye enèji pwòp apati de sikilasyon kamyon.

Prezidan, PDG ak Delege Empire State Development lan, Howard Zemsky te di:

“43North se yon motè antreprenarya pou transfòmasyon Buffalo. Ane apre ane repitasyon rejyon an ap agrandi antanke yon zòn enpòtan pou antrepriz ki fenk ap parèt yo pandan Rejyon Lwès New York la vin tounen yon lokalite premye ran pou inovatè ki gen anpil avni devan yo.”

Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak PDG Otorite Elektrisite New York la (New York Power Authority) te di: “43North se yon istwa devlopman ekonomik k ap kontinye ajoute plis bèl chapit de jou an jou. Nou fyè benefis vant elektrisite ki soti nan Niagara Power Project (Pwojè Elektrisite Niagara) nou an ap ede fè konpetisyon sa a vanse pou pi devan.”

Majistra Byron Brown di: “43North ap ekspeze inovatè ki fenk ap parèt yo ki ap vin inonde Buffalo ak talan san parèy yo genyen yo. Rejyon Lwès New York la te vin kreye yon repitasyon pou tèt li tankou yon lidè nan zafè antreprenarya depwent. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, 43North vin tounen yon veyikil esansyèl nan kwasans kontini ak elan rejyon an ap pran yo.”

Egzekitif Konte a Mark Poloncarz te di: “Kwasans ekosistèm antreprenarya Buffalo a se yon siy vizib fondamantal ki montre vil la an mouvman. Konpetisyon 43North la te pèmèt nou idantifye epi akeyi kèk nan antreprenè ki gen plis espwa siksè nan mond lan yo pou yo vini nan kominote nou an, epi mwen atann pou m akeyi nouvel jenerasyon inovasyon yo sou sèn antreprenarya Buffalo k ap fleri a.”

Manm Asanble Sean Ryan te di: “Redemaraj Buffalo a fèt san fot. Soti nan yon kwen ale nan yon lòt kwen, transfòmasyon an tanjib. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, 43North ap atire atansyon toupatou atravè mond lan, epi l ap kontinye simante wòl

Buffalo tankou yon sant inovasyon ak kwasans. Nou fyè de sa konpetisyon sa a te akonpli jiskaprezan, men san dout, gen pi bon deyè toujou.”

Bill Maggio, Prezidan Konsèy Administrasyon 43North la te di: “Nan non 43North ak kominote antrepriz ki fenk ap parèt yo nan Buffalo, nou vrèman apresye sipò kontini Gouvènè Cuomo bay konpetisyon dinamik sa a. Nou rete angaje pou nou vanse kwasans ekosistèm antrepriz ki fenk ap parèt yo nan Buffalo epi nou ap atann nou pou nou akeyi antreprenè ki soti toupatou nan mond lan yo pou yon katriyèm ane, pandan yo ap rivalize pou yon lòt 5 milyon dola ankò epi antre an konpetisyon pou yo antreprann biznis isit la.”

Chak ane jiskaprezan, 43North te bay 5 milyon dola ototal nan prim kach yo, epi li te ofri espas enkibatè gratis nan Buffalo pou yon ane, gid ak aksè a lòt pwogram rekonpans pou biznis yo. Empire State Development pral founi 5 milyon dola finansman an pou ane pwochèn lan. Yo espere konsidere 2 milyon dola adisyonèl pou konpetisyon an k ap soti nan Konsèy Administrasyon Repatisyon Benefis Elektrisite Rejyon Lwès New York la (Western New York Power Proceeds Allocation Board). Otorite Elektrisite (Power Authority) a kontribiye 6 milyon dola pou konpetisyon ane sa a; National Grid ak plizyè lòt patwon pote sipò adisyonèl. W ap jwenn plis enfòmasyon sou konpetisyon an disponib sou www.43north.org.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418